

Yon Gid Rapid sou Medicare ak Medicaid



Medicare

Kisa Medicare ye?

Medicare se yon asirans sante pou

- Moun ki gen 65 an oswa plis
- Moun ki poko gen 65 an ki gen sèten andikap
- Moun ki gen nenpòt laj kap soufri ensifizans renal nan faz tèminal (ESRD) (ensifizans renal pèmanan ki mande pou fè dyaliz oswa mete yon lòt ren) oswa ALS (yo rele I tou maladi Lou Gehrig a)

Kisa diferan pati Medicare yo ye?

Original Medicare gen ladan li Pati A Medicare (Asirans Lopital) ak Pati B (Asirans Medikal).

Yon plan Medicare Advantage se yon lòt fason ou kapab jwenn kouvèti asirans Medicare Part A ak Part B. Plan Medicare Advantage yo, ke yo rele tou "Part C" oswa "Plan MA," se plan konpayi prive yo ofri ke Medicare apwouye, epi konpayi sa yo dwe swiv règleman ke Medicare etabli yo.

Pati A ede kouvri:

- Swen pou pasyan ki entène lopital
- Swen nan etablisman retrèt kalifye
- Swen ospis
- Swen sante adomisil

Medicare Pati B ede kouvri:

- Sèvis nan men doktè ak lòt founisè swen sante
- Swen pou pasyan ki pa entène lopital
- Swen sante adomisil
- Materyèl medikal dirab (tankou fotèy woulan, Deyanbilatè, kabann lopital, ak lòt materyèl)
- Anpil sèvis prevansyon (tankou seyans depistaj, ak visit anyèl "Byennèt")

Pati D Medicare (kouvèti medikaman) ede:

- Li kouvri pri medikaman ke yo preskri yo (ki gen ladan yo anpil piki oswa vaksen ke yo rekòmande)
- Avèk frè medikaman ou ke Pati Ba pa kouvri

Ou ka antre nan yon plan Medicare pou medikaman anplis Original Medicare, oswa ou ka jwenn li lè w rantre nan yon Plan Medicare Advantage ak kouvèti medikaman. Plan ki ofri kouvèti medikaman Medicare yo, se konpayi asirans prive yo ki jere I pandan y ap swiv règleman ke Medicare etabli yo.




Opsyon Medicare w yo

Lè w enskri pou premye fwa nan Medicare epi pandan sèten peryòd nan ane a, ou ka chwazi kijan pou w jwenn kouvèti asirans Medicare ou. Genyen 2 fason pou ou jwenn Medicare:

Original Medicare

- Original Medicare gen ladan li Pati A Medicare (Asirans Lopital) ak Pati B (Asirans Medikal).
- Ou ka antre nan yon plan medikaman Medicare apa pou jwenn kouvèti asirans medikaman Medicare (Pati D).
- Ou ka itilize nenpòt ki doktè oswa lopital ki pran Medicare, tout kote nan peyi Etazini.
- Pou ede peye depans ou fè ki soti nan pòch ou nan Original Medicare (tankou 20% kowasirans) ou a, ou ka chèche epi achte kouvèti siplemantè tou.



Ou ka ajoute:



Ou ka ajoute tou:

Kouvèti asirans siplemantè

Sa gen ladan Asirans konplemantè Medicare (Medigap). Oswa, ou ka itilize kouvèti asirans nan men yon anplwayè ansyen oswa aktyèl oswa sendika, oswa Medicaid.

Medicare Advantage

- Medicare Advantage se yon plan Medicare apwouve nan yon konpayi prive ki ofri yon altènativ a Original Medicare pou sante ak kouvèti medikaman ou. Plan "gwoup" sa yo ki genyen ladan yo Pati A, Pati B, epi dabitid Pati D tou.
- Nan anpil ka, ou pral bezwen fè apèl a doktè ki nan rezo plan an.
- Nan anpil ka, ou ka bezwen jwenn apwobasyon plan ou an anvan li kouvri sèten medikaman oswa sèvis.
- Plan yo ka gen diferan frè pase Original Medicare. Ou ka gen yon prim siplemantè tou.
- Plan yo ka ofri kèk avantaj siplemantè ke Original Medicare pa kouvri— tankou sèvis pou swen vizyon, sèvis pou swen oditif ak sèvis pou swen dantè.



Majorite plan yo enkli:



Kisa Medicaid ye?

Medicaid se yon pwogram federal ak etatik yo mete ansanm ki ede peye frè medikal pou kèk moun ki gen resous ak revni limite.

Medicaid ka ofri tou avantaj ke Medicare pa nòmalman kouvri, tankou swen nan mezon retrèt ak sèvis swen pèsonèl. Règ konsènan moun ki kalifye pou Medicaid yo diferan nan chak eta. Si w kalifye pou Medicaid nan eta w la, otomatikman ou kalifye pou jwenn Èd Siplementè (Extra Help). Extra Help se yon pwogram pou ede moun ki gen revni ak resous limite peye nan pòch yo frè kouvèti medikaman Medicare (Pati D).

Kouman pou mwen kalifye pou Medicaid?

Pou kalifye pou Medicaid nan eta w la, ou dwe yon rezidan eta sa a. Chak eta gen diferan règ sou kalifikasyon ak kijan pou aplike pou Medicaid. An jeneral, ou dwe satisfè règ eta ou a pou revni ak resous ou yo.

Ou ka elijib pou Medicaid si w gen revni ki limite epi:

- 65 an oswa plis
- Yon timoun ki pokonha gen 19 an
- Ansent
- W ap viv ak yon andikap
- Yon paran oswa yon adilt k ap okipe yon timoun
- Yon adilt ki pa gen timoun ki sou kont ou (nan sèten eta)

Ou ta ka jwenn Medicaid si w satisfè limit resous eta w la, men revni w twò wo pou w kalifye. Gen kèk eta ki pèmèt ou "depanse desann" kantite lajan ou revni ki pi wo pase limit Medicaid eta a. Ou fè sa lè w peye frè medikal ki pa kouvri ak pataje depans (tankou prim ak franchiz Medicare) jiskaske revni w bese nan yon nivo ki kalifye w pou Medicaid.

Pou jwenn plis detay sou èd pou moun ki gen resous limite, rele biwo Asistans Medikal Eta w la (Medicaid) oswa vizite [Medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu](https://www.medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu) pou kowòdone eta w la.

Èske mwen ka gen alafwa Medicare ak Medicaid?

Wi, li posib pou ou genyen alafwa Medicare ak Medicaid si w kalifye. Moun ki gen tou de kouvèti Medicare ak Medicaid konplè yo "kalifye de fwa" (dually eligible). Medicare peye an premye lè w kalifye de fwa epi w resevwa sèvis Medicare kouvri. Medicaid peye an dènye, apre Medicare ak nenpòt lòt asirans sante ou genyen.

Si w kalifye de fwa, Medicare kouvri medikaman sou preskripsyon ou yo. Ou pral otomatikman enskri nan yon plan medikaman Medicare ki pral kouvri frè medikaman w yo olye Medicaid. Medicaid ka toujou kouvri kèk medikaman ak lòt swen ke Medicare pa kouvri.

Pou plis enfòmasyon sou fason kouvèti Medicare ak Medicaid konplè travay ansanm, vizite [Medicare.gov/basics/costs/help/Medicaid](https://www.medicare.gov/basics/costs/help/Medicaid).



Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Jwenn enfòmasyon jeneral sou Medicare:

- Vizite [Medicare.gov](https://www.medicare.gov) pou jwenn detay sou plan sante Medicare la ak plan medikaman yo nan zòn ou an, jwenn founisè swen sante kap patisipe yo ak lòt founisè, jwenn bon jan kalite enfòmasyon sou swen, ak plis ankò.
- Konsilte ti liv “**Medicare & You**” ki pi resan ou a pou w aprann sa ki nouvo, konnen pri Medicare w yo, epi jwenn enfòmasyon sou sa Medicare kouvri.

Jwenn èd pèsonalize:

- Pale oswa chat an dirèk ak yon moun reyèl, 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn (eksepte kèk jou ferye federal):
 1. Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sistèm TTY yo te mèt rele nan 1-877-486-2048. Si ou bezwen èd gratis nan yon lang ki pa angle oswa espanyòl, di "Ajan" pou pale ak yon reprezantan sèvis kliyan.
 2. Chat andirèk avèk nou nan [Medicare.gov/talk-to-someone](https://www.medicare.gov/talk-to-someone).

- Kontakte Pwogram Asistans pou Asirans Sante Leta (SHIP) lokal ou a pou w jwenn konsèy pèsonalize sou kouvèti asirans Medicare, reklamasyon, kreklamasyon, apèl, ak èd pou moun ki gen revni ak resous limite. Vizite shiphelp.org, oswa rele nan 1-800-MEDICARE pou w jwenn nimewo telefòn pou NAVI lokal ou a.
- Vizite Eldercare Locator la nan eldercare.acl.gov pou w jwenn resous lokal, verifye avantaj ak plan pou swen alontèm.
- Vizite [Medicare.gov/basics/costs/help-medicaid](https://www.medicare.gov/basics/costs/help-medicaid), pou plis enfòmasyon sou Medicaid.



Remak

Remak



Medicare

Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon Medicare nan yon fòma aksesib, tankou gwo lèt, bray oswa odyo. Ou gen dwa tou depoze yon plent si ou santi ou te viktim diskriminasyon. Vizite [Medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice](https://www.medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice), oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou plis enfòmasyon. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.

This product was produced at U.S. taxpayer expense.